

Sekirite anvan Tout Bagay

Konnen Ang ou Pa Wè yo

Chak veyikil gen ang kote chofè a pa wè - zòn chofè a pa ka wè deyò veyikil la - menm si gen retwovizè ak kamera pou gade deyò. Ang chofè pa wè nan SUV oswa otobis lekòl yo espesyalman gran, kidonk yo kapab kache elèv pi fasil. Toujou verifye, anvan ou retire levye a nan pozisyon "Park", oswa anvan ou fè bak, ak pandan w ap chanje bann sikilasyon.

Konnen Règleman Sikilasyon yo

Yon chofè ki enfòmè, se yon chofè ki bay sekirite. Abitye tèt ou avèk pwosedi pou rive ak kite lekòl la, epi konprann règleman trafik nan zòn lekòl la:

- **Sèvi avèk fotèy pou oto ki kòrèk la** – Timoun ki gen mwens pase 8 an, ak mwens pase 57 pous kòm wotè dwe chita nan yon fotèy oto gouvènman federal apwouve, oswa nan yon fotèy ranfòse.²
- **Tout moun dwe boukle sentiwon yo** – Se lalwa nan Massachusetts.³
- **Ralanti nan zòn lekòl** – vitès limit nan zòn lekòl se 20 MPH.⁴
- **Pa depase yon otobis eskolè ki gen limyè k ap etenn ak limen** – Kounye a, otobis yo gen kamera k ap ede veye chofè ki pa respekte prensip sa a.⁵
- **Pa kite motè a vire an plas san nesessite** – Si motè a vire twòp san nesessite pandan plis pase 5 minit, se yon vyolasyon lalwa.⁶
- **Respekte siyal ki afiche yo** – Pa estasyonnen kote ki gen siyal ki di "No Parking" (Pa Estasyonnen), "Handicapped Parking Only" (Estasyonman pou Andikape Sèlman), oswa "Fire Lane" (Pasaj Ponpye).

Pou Elèv Pasaje yo

Kit ou prale lekòl, oswa nan espò, oswa nan yon aktivite eskolè, chak depasman nan veyikil nan fanmi an konte pou kesyon sekirite. Aksidan oto se youn nan prensipal lakòz timoun mouri nan Etazini, men anpil nan lanmò sa yo kapab evite¹. Si ou swiv kèk prensip sekirite ki senp, sa kapab fè yon gwo diferans nan pwoteksyon pasaje.



Sous:

¹ www.cdc.gov/child-passenger-safety/about/index.html

² www.mass.gov/info-details/car-seat-laws-in-massachusetts

³ www.mass.gov/info-details/car-seat-laws-in-massachusetts

⁴ www.malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter90/Section17

⁵ www.mass.gov/info-details/mass-general-laws-c90-ss-14c

⁶ www.malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter90/Section16B

Sekirite Anvan Tout Bagay

Pou Elèv Pasaje yo

Sou Wout la



Eseye pa sèvi avèk telefòn selilè; si sa nesèsè, sèvi avèk li san kenbe li nan zòrèy ou.

Tabli prensip pou konpòtman pasaje yo, pou redwi distraksyon.



Pa fè vitès; prevwa tan siplemantè pou ou pa santi ou anba presyon.

Gade si gen moun k ap mache / sou bisiklèt, otobis, ak Siveyan Trafik (Crossing Guards) lè w ap pwoche pre zòn lekòl.



Gade nan paj sou Edikasyon Chofè (Driver Education) nan sit entènèt SRTS la, pou resous pi itil, nan plizyè lang, tankou yon pwospektis ki rele 'Student Safety During Arrival and Dismissal' (Sekirite Elèv pandan Anbakman ak Debakman): www.mass.gov/lists/safe-routes-to-school-driver-education

Deplasman nan Zòn pou Anbake ak Debake Elèv yo



Abitye tèt ou avèk pwosedi pou rive ak kite lekòl la.

Swiv lòd Crossing Guard (Siveyan Trafik) ak pèsònèl lekòl la.



Pran pasyans! Kanpe sou ran pou tann tou w, nan oto fanmi an.

Pa kanpe nan estasyonnman doub, ni vire won.



Pa estasyonnen nan twotwa, ni tou pre kwen lari.



Bann sikilasyon otobis la pou otobis ak kamyonnèt sèlman.

SCHOOL BUSES ONLY

Anbake ak Debake Pasaje



Fotèy dèyè sèlman, tanpri! Elèv nan klas PK-8 yo pa dwe rete pre sak amòtisè. (airbag) yo.

Sèvi sèlman avèk zòn yo rezève pou anbake/ debake yo.

STUDENT PICK-UP AND DROP-OFF ONLY



Metè levye oto a sou "Park" anvan ou anbake / debake elèv.

Boukle senti ak fotèy pou vwati yo anvan ou deplase veyikil ou, ak apre yo retire sak nan do yo.



Sèvi sèlman avèk pòt pasaje dèyè veyikil ou, pou anbake / debake elèv.



Pa janm kwaze yon ri oswa yon ale yon lekòl, devan oswa nan mitan lòt oto.

